

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Métodeu panalungtikan mangrupa alat nu dipaké pikeun nganalisis jeung medar rumusan masalah dina sumber panalungtikan. Anapon métodeu anu dipaké nyaéta métodeu kualitatif, kayaning; 1) desain panalungtikan, 2) sumber data, 3) téhnik ngumpulkeun data, 4) téhnik ngolah data, jeung 5) instrumén panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan


Salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan nyaéta ku ayana métodeu panalungtikan. Luyu jeung judul panalungtikan sarta rumuan masalahna. Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif. Numutkeun Bogdan & Taylor (dina Moleong, 2007, kc. 4) métodeu kualitatif salaku prosés panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan ti jelema jeung paripolahna.

Arikunto (2013, kc. 3) ogé nétélakeun yén métodeu déskriptif mangrupa panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal lianna, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan. Métodeu déskriptif mangrupa métodeu panalungtikan anu mibanda tujuan pikeun ngagambarkeun réalitas hiji hal anu objéktif nyaéta ngeunaan objék nu ditalungtik. Ieu métodeu mangrupa istilah anu umumna ngawengku rupa-rupa téhnik déskriptif, di antarana ngajéntrékeun, nganalisis, ngelompokkeun data sarta ulikan pustaka. Dina ieu panalungtikan analisis anu didéskripsikeun nyaéta analisis ajén budaya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*.

Desain panalungtikan nyaéta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Desain dina rarancang panalungtikan miboga tujuan pikeun meunangkeun hiji logika. Desain panalungtikan nu dilaksanakeun miboga sababaraha tahapan. Numutkeun Arikunto (2013, kc. 61) aya sababaraha léngkah panalungtikan, nyaéta; 1) milih masalah; 2) studi pendahuluan; 3) ngarumuskeun masalah; 4) ngarumuskeun

hipotésis; 5) milih pamarekan; 6) nangtukeun variabel jeung sumber data; 7) nangtukeun jeung nyusun instrumén; 8) ngumpulkeun data; 9) analisis data; 10) nyieun kacindekan. Leuwih jelasna saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Numutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék data nu dicangking. Sumber data utama panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung tindakan, leuwihna mah mangrupa data tambahan saperti dokumén jeung réa-réa deui (Lofland jeung Lofland dina Moleong, 2007, kc. 157).

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa référénsi, boh anu dina buku, jurnal, éséy, atawa warta (*media massa*), anu aya patalina jeung masalah panalungtikan. Sabab luyu jeung Moleong (2007, kc. 159) nu nétélakeun yén ditilik tina segi sumber data, bahan tambahan nu asalna tina sumber buku jeung majalah ilmiah, sumber tina arsip, dokumén pribadi, jeung dokumen resmi. Ku kituna, numutkeun pamadegan nu didadarkeun cindekna sumber data mangrupa subjék data nu dicangking, saperti buku, jurnal, éséy atawa sumber data tinulis séjéna.

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta buku *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* anu mangrupa salah sahiji buku nu aya di pabukon Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, anu dikaluarkeun ku Commissie Voor De Volksletuur tapi dipedal ku Drukkerij De Verwachting di Batavia dina taun 1916 mangrupa citakan nu ka- 2. Aksara nu dipaké nyaéta aksara Latén hasil translitrasi, kandelna 84 kaca, aya 19 épisode atawa 19 kali ganti pupuh. Pupuh nu dipaké aya Asmarandana, Pangkur, Pucung, Maskumambang, Mijil Kinanti, Magatru, Gambuh, Dangdanggula, jeung Sinom.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik panalungtikan ulikan pustaka (studi pustaka). Téhnik studi pustaka mangrupa survéy kana data anu geus aya, neuleuman téori-téori tuluy ditalaah kalawan gemet. Téhnik studi pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya pakuat-pakaitna jeung konsép téoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 85).

Kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tahap ngumpulkeun data. Dina tahap ngumpulkeun data panalungtik ngalaksanakeun

Ulfah Fauziah, 2017

AJÉN BUDAYA DINA WAWACAN CARITA KUYA KAJAJADÉN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

studi pustaka. Ieu téhnik dipaké nalika néangan sumber tiori anu dijadikeun patokan atawa cecekelan dina ieu panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan, studi pustaka digunakeun pikeun néangan data jeung informasi anu patali jeung struktur, ajén budaya, jeung bahan pangajaran. Dumasar kana pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta;

- 1) nangtukeun sumber data
- 2) maca *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* salaku sumber data utama anu dianalisis struktur jeung ajén budayana;
- 3) nyirian bagian-bagian struktur anu kaasup kana téma, fakta carita, jeung sarana carita dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*;
- 4) nyalin data anu kapaluruh ngaliwatan kartu data nu geus jieun jeung disadiakeun; jeung
- 5) nangtukeun nu kaasup ajén budaya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* dumasar kana tujuh unsur budaya;
- 6) medar ngeunaan bahan pangajaran maca wawacan.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibaca (Nazir, 2014, kc. 315). Dina ieu panalungtikan, data anu geus kapaluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik, maké tahapan prosés. Analisis data, numutkeun Patton (dina Moleong, 2012, kc. 280) nyaéta prosés ngatur urutan data, ngaorganisasikeun kana hiji pola, kategori, jeung sistem uraian dasar.

Anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta; 1) deskripsi carita, 2) struktur carita, 3) ajén budaya, jeung 4) bahan pangajaran maca. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis ieu data nyaéta;

- 1) maca jeung maham kana *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*;
- 2) nganalisis eusi wawacan *Carita Kuya Kajajadén* ngaliwatan struktur jeung ajén budaya;
- 3) nyieun papasingan dumasar kana struktur dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*;

Ulfah Fauziah, 2017

AJÉN BUDAYA DINA WAWACAN CARITA KUYA KAJAJADÉN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) ngadéskripsikeun struktur dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* anu kapaluruh;
- 5) nangtukeun anu kaasup ajén budaya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*;
- 6) ngadéskripsikeun anu kaasup ajén budaya jeung tujuh unsur budaya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén*;
- 7) ngadadarkeun bahan ajar maca *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* pikeun bahan pangajaran siswa SMP;
- 8) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan. Nyusun instrumén mangrupa hal anu penting dina panalungtikan. Tapi, dina ngalaksanakeun ngumpulkeun data kudu bener, sangkan hasilna luyu jeung udagan nu hayang dihontal (Arikunto, 2013 kc. 265).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Ieu kartu data ngébréhkeun data dina wangun sempalan-sempalan carita nu aya dina *Wawacan Carita Kuya Kajajadén* kana indikator anu baris dianalisis, nyaéta; 1) analisis struktur, jeung 2) analisis ajén budaya.

Bagan 3.2

Conto Kartu Data Analisis Struktur

<p>Kode Data: DI/3/1/1 Struktur nu dianalisis: Latar Cutatan: Kocap hiji nini-nini Sakalangkung waluratna Imahna téh dina sédong Teu aya aki-akina Henteu incu henteu anak Ngan gaduh sahiji dulur Tapi misah nagarana</p>
--

Data nu di tulis dina kode data dina kartu data hasil nganalisis mangrupa data struktur. Anapon hati kode datana nyaéta struktur/unsur intrinsik, nomer urut, halaman, urutan kanto, jeung pupuh kasabaraha dina éta kanto. Leuwih jelasna

Ulfah Fauziah, 2017

AJÉN BUDAYA DINA WAWACAN CARITA KUYA KAJAJADÉN PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tina Bagan 3.2 kode datana nyaéta DI/1/3/1/1, hartina nyaéta (DI) mangrupa kode latar, (3) mangrupa halaman, (1) mangrupa urutan kanto, (1) mangrupa pupuh kahiji. Anapon kode-kode pikeun struktur di antarana: (AI) kode téma, (BI) kode palaku, (CI) kode galur, (DI) kode latar, (EI) kode puser implengan, (FI) kode gaya basa, (GI) kode simbol.

Bagan 3.3 Conto Kartu Data Analisis Ajén Budaya

Kode Data: A2/1/18/6/2 Ajén Budaya nu dianalisis: Sistem Religi Cutatan: Urang nuhun kanu agung Neda ka Robbul Ijati Mugi sing jadi nagari Geus kitu tuluy dibawa Ku Ibu tuluy siksikan

Bagan 3.3 mangrupa kartu data pikeun analisis unsur budaya. Kode dina éta kartu data teu jauh jeung conto kartu data struktur/unsur intrinsik. (A2) mangrupa kode pikeun sistem religi, (1) mangrupa kode nomer urut, (18) mangrupa kode halaman, (6) mangrupa urutan kanto, (2) mangrupa nomer pupuh. Anapon kode dina unsur budaya nyaéta: (A2) kode pikeun sistem religi jeung upacara kaagamaan, (B2) sistem religi jeung kamasarakatan, (C2) sistem pangaweruh, (D2) sistem basa, (E2) kasenian, (F2) sistem pakasaban, (G2) sistem téknologi.

Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan, bisa katitén ogé dina tabel di handap.

- 1) Tabél analisis pupuh anu digunakeun dina wawacan *Carita Kuya Kajajadén* dipaké pikeun maluruh jumlah pupuh, pada, palisan unggal kanto/nomer pupuh.
- 2) Tabél struktur jeung ajén budaya dina wawacan *Carita Kuya Kajajadén*.

Tabél 3.1

Analisis Pupuh Wawacan *Carita Kuya Kajajadén*

NO	Ngaran Pupuh	Jumlah Pada	Jumlah guru lagu	Jumlah guru wilangan
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)

Tabél 3.2

Analisis Struktur jeung Ajén Budaya Wawacan *Carita Kuya Kajajadén*

No	Pada ka-	Pada/ Padalisan	Kode	Cutatan	Struktur	Ajén Budaya
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)